# “ALPAMÍS” DÁSTANÍNDA QAHARMAN HÁM ANTI - QAHARMAN OBRAZLAR ANALIZI

***(Barshınay ham Surxayl-mástan obrazları mısalında)***

**Allambergenova Nodira Gulmurzaevna** – *filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
farzona-n@mail.ru
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

## ИНТЕРПРЕТАЦИЯ ОБРАЗОВ ГЕРОЯ И АНТИГЕРОЯ В ЭПОСЕ «АЛПАМЫШ»

**Алламбергенова Нодира Гулмурзаевна** – *доктор философии по филологическим наукам*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

## INTERPRETATION OF HERO AND ANTI-HEROIC CHARACTERS IN THE EPIC “ALPAMYSH”

**Allambergenova Nodira Gulmurzaevna** – *Doctor of Philosophy in Philological Sciences*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** folklor, doston, obraz, ayollar obrazı, arxetip obraz, badiiy tahlil.

**Rezyume.** “Alpomish” dostoni qahramonlari, ayniqsa, bosh obrazlari har jihatdan pishiq, puxta, badiiyat qonuniyatlariga to‘la javob beradigan darajada ishlanganligini alohida ta’kidlash lozim. Alpomish, Barchinoy, Boybo‘ri, Boysari, Qorajon, Qaldirg‘och, Qultoy, Surxayl, Qayqubod, Tovka va Yodgor kabi obrazlarning o‘ziga xos surat va siyrat belgilari bilan ta’minlanganligi, fikr-o‘y va harakatlarining hayotiy mantiqqa mosligi ularni realistik obrazlarga yaqinlashtiradi. Xalq qahramonlaridagi xuddi mana shu sifatlar ularga munosabatda ham batafsillik, ilmiy-nazariy jihatdan yondashuvlar turfaligini talab qiladi. Mazkur maqola turkiy “Alpomish” dostonining bosh qahramonlaridan biri alp-ayol arxetipi Barchinoy va makr-hiyla timsoli bo‘lgan anti-qahramon Surxayl obrazlari tahlil qilinadi.

**Ключевые слова:** фольклор, эпос, образ, образ женщины, архетипический образ, художественная интерпретация.

**Резюме.** Герои эпоса «Алпамыш», особенно главные герои, проработаны во всех отношениях, основательно и в полной мере соответствуют законам искусства. Тот факт, что такие персонажи, как Алпамыш, Барчиной, Бойбори, Бойсари, Караджон, Калдиргоч Культой, Сурхайль, Кайкубад, Товка и Ёдгор, наделены своими уникальными чертами и характеристиками, а соответствие их мыслей и поступков логике жизни приближает их к реалистичным образам. Те же качества в народных героях требуют и детального, научного и теоретического подхода к ним. В данной статье анализируются образы одного из главных героев эпоса «Алпамыш» - архетипа альпийской женщины Барчиной и антигероя Сурхайля, воплощения хитрости.

**Key words:** folklore, epic, image, image of women, archetypal image, artistic interpretation.

**Summary.** The heroes of the Alpamysh epic, especially the main characters, are thoroughly developed in every respect, thoroughly and fully complying with the laws of art. The fact that characters such as Alpamysh, Barchinoy, Boybori, Boysari, Karajon, Kaldirgoch Kultoy, Surkhayl, Kayqubad, Tovka, and Yodgor are endowed with their own unique traits and characteristics, and the consistency of their thoughts and actions with the logic of life brings them closer to realistic images. These same qualities in folk heroes require a detailed, scientific, and theoretical approach. This article analyzes the images of one of the main characters of the Alpamysh epic – Barchinoy, the archetype of the Alpine woman, and Surkhayl, the antihero, the embodiment of cunning.

**Kirisiw.** Dúnya xalıqlarınıń epikalıq miyrasında syujetli iri kólemli epikalıq shıǵarmalar áhmiyetli orın iyeleydi. Atap aytqanda, túrkiy xalıqlar awızeki dóretiwshiliginde awızdan-awızǵa ótip, bir neshe mıń jıllar dawamında rawajlanıp kelgen qaharmanlıq dástanları tek ǵana ulıwma túrkiy emes, al ulıwma jáhán mádeniyatı hám kórkemlik oy-pikiriniń rawajlanıwına da sezilerli tásir etken. “Alpamıs” dástanı klassikalıq epostıń ayqın úlgisi hám millet ózligin kórsetetuǵın ádebiy-estetikalıq dástan bolǵanı ushın onda xalıqtıń ruwxıy-aǵartıwshılıq qúdireti, mádeniyatı, joqarı ideallarınıń kórinisi jámlengen. Sonlıqtan, jáhán folklortanıwında qaharmanlıq eposınıń dóretiliwi, epikalıq syujettiń genezisi hám tipologiyası, poetikası, tekst qurılısında prozalıq hám poeziyalıq úzindilerdiń almasıwı, obrazlar sisteması, qaharman hám anti-qaharman obrazların izertlew áhmiyetli bolıp tabıladı.

**Ádebiyatlar analizi**. Túrkiy xalıqlar arasında keń tarqalǵan “Alpamıs” dúrkin dástanları tariyxıy áhmiyeti hám kórkemlik bahası barqulla kóplegen folklortanıwshı, ádebiyattanıwshı, filosof, tariyxshı hámde etnograflardıń dıqqatın ózine tartıp kelgen. Sonıń ishinde, túrkiy xalıqlar eposın izertlewde A.K.Borovkov, V.M.Jirmunskiy, H.V.Paksoy, K.Rayxl, In Gyong O sıyaqlı jáhán alımlarınıń xızmetleri sheksiz.

“Alpamıs” syujetli epikalıq shıǵarmalar milliy folklortanıwında hám belgili bir dárejede izertlengen. Ózbek folklortanıwshılarınan Ǵ.O.Yunusov, H.T.Zarifov, T.Mirzaev, O.Madaev, S.Ruzimbaev, M.Juraev, I.Yormatov, Sh.Turdimov, J.Eshonqulov sıyaqlı alımlar dástandı túrli baǵdarda úyrenge bolsa, usı kórkem estelik I.T.Saǵitov, N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, S.Bahadırova, J.Xoshniyazov, K.Allambergenov sıyaqlı qaraqalpaq folklortanıwshı alımları tárepinen izertlengen. Tatar folklortanıwshılarınan F.Urmenchev, F.Axmetovalar bul baǵdarda iri izertlewlerdi ámelge asırǵan.

**Nátiyjeler.** “Alpamıs” dástanı qaharmanları, ásirese, bas obrazları hár tárepleme puqta, kórkemlik nızamlıqlarına tolıq juwap beretuǵın dárejede islengenligin ayrıqsha atap ótiw lazım. Alpamıs, Barshınay, Baybóri, Baysarı, Qarajan, Qaldırǵash Qultay, Surxayl, Qayqubod, Táwke hám Jádiger sıyaqlı obrazlardıń ózine tán súwreti hám ruwxıy kelbeti belgileri menen támiyinlengenligi, oy-pikir hám háreketleriniń turmıslıq logikaǵa sáykesligi olardı realistlik obrazlarǵa jaqınlastıradı. Xalıq qaharmanlarındaǵı tap,

mine, usı sıpatlar olarǵa qatnastı da hám tolıqlıq, ilimiy-teoriyalıq jaqtan múnásibetler hár túrliligin talap qıladı.

Dástannıń bas qaharmanı alp-Alpamıs bolsa da, syujet rawajlanıwında, dramatizm, ideyalıq-kórkemlik mazmun sáwleleniwinde hayal-qızlar obrazı ózine tán orın iyeleydi. Barchinay, Qaldırǵash obrazları arqalı xalıq idealındaǵı hayal-qız qaharmanlar tımsalı jaratılsa, Táwke, Surxayl kempir, Suqsuray sıyaqlı járdemshi hám epizodlıq obrazlar syujet rawajlanıwında ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Dodalaw.** Barshın – bas qaharmanlardan biri bolıp, dástannıń barlıq variantlarında bul obrazǵa tán tárepleri júdá tereń hám keń talqılanǵan. Ol júdá kúshli erk iyesi, hár qanday jaǵdayda da oylap durıs qarar qabıl qıla alatuǵın aqıllı Shıǵıs hayalı sıpatında gewdelenedi. “Barshın obrazınıń jaratılıw besigi tek Orta Aziya ekenligine gúman joq”,– degen edi ádebiyattanıwshı Ǵ.Musina [2:71].

Barshın obrazınıń baqsılar talqısındaǵı kórinisleri usı obrazdıń hám gózzallıqta, hám batırlıqta, hám sadıqlıqt teńsiz ekenligin kórsetedi. Barshın portreti dáslep tómendegi táriyiplewlerde kórinedi:

“Kekilleriń esilgen shıǵar tal-tal,
Hár talına berse jetpes dúnya mal” [1:27].

Itibar berilse, bul kórinis Baysarı hám jerlesleriniń Qalmaqqa ketiw aldında, yaǵnıy, Barshınaydıń jeti jasar waqtında anası tárepinen aytılǵan. Shashınıń hár bir talshıǵına dúnya malı jetpeytuǵın qız súwreti onıń anası tárepinen aytılǵanı názerde tutılsa, gózzallıqtan góre qádirlilik mánisi ańlatılıp atırǵanına gúwa bolamız.

Qalmaq úlkesine Baysarı hám onıń jerlesleri kelgenine jeti jıl boladı. Onıń dańqı pútkil qalmaq eline taraladı. Tap usı payıtta, baqsı Barshın portretiniń jáne de jańa qırların kórsetiwge háreket etedi. Bul kórinisler endi Barshındı balası Qarajanǵa atastırıwǵa kelgen Surxayıl kempir tiliden beriledi:

“Baysarınıń jaqsı qızı bar eken,
Bir neshe kórmege intizar eken,
Atlas kóylek qup, bir jeńi tar eken,
Qırıq qızlar oǵan xızmetker eken,
On tórt jasar eken, áyne kámalı,
Ayday jarqıraydı onıń jamalı” [1:59].

Keltirilgen úzindiler dástannıń hár qıylı orınlarınan, hár qıylı jaǵdaylarda hám basqa-basqa personajlardıń oy-pikirleri tiykarında súwretlenbekte, bular bir tutas halǵa birlestirilse, Barshın obrazınıń súwreti hám ruwxıy kelbeti, ishki gózzallıǵı salıstırmalı tolıq kózge taslanadı.

“Dástanda Barshın ayrıqsha abıraylı, óz ornına iye, Barshın da Alpamıstay tilep alınǵan perzent. Etnos júgin kóteriw juwapkershiligine iye bolǵan janınlı júrekli (passionar) áwlad” [3:65]. Ol pútkil dástan dawamında shıǵıs hayallarına tán danalıq, aqıllılıq, iybe-ikramlılıq simvolı sıpatında kórinip qalmastan, “alp hayal” arxitepi sanaladı. Arxetip grekshe “*archetypon” só*zinen alınǵan bolıp, “dáslepki model”, “baslanǵısh úlgi” sıyaqlı mánilerdi bildiredi. “Arxetip áwladlardan-áwladlarǵa ótip kiyatırǵan sanamızdaǵı dúnyanı qabıl etiw formaları, – deydi ilimpaz T.Eshbayeva. – Arxetipler, tiykarınan, insanlardıń túsleri, adamzattıń dáslepki oylaw ónimi bolǵan mifler, folklor úlgileri hám kórkem shıǵarmalarda ushırasadı. Ózbek folklorında hám ádebiyatında hár qıylı arxetip obraz, arxetip motiv, arxetip syujet hám arxetiplik súwretlew quralları ushırasadı” [6:2 ].

Xalıq epikalıq dóretiwshiliginiń eń iri úlgisi bolǵan dástanlarda ilimpazdıń atap ótkenindey, arxetip obrazlar, arxetip motiv hám arxetip súwretlewler kóp ushırasadı. Solardan biri alp – hayal arxetipi bolıp esaplanadı. Barshın obrazı kórinisinde arxetip súwretlewlerdiń bar ekenligin kóriw múmkin.

“Sol waqıtlarda Barshın da náwqıran, boy jetken, hár jawırını on bes qarıs keledi, bul da alp” [1:44].

Haqıyqatında da, Barshın da tap Alpamıs sıyaqlı alp. Onıń barlıq alplar qatarında batırlıǵı, erligi hám de kúsh-quwatı, joqarı ruwx iyesi ekenligi dástan syujeti dawamında qayta-qayta kórinedi: “Kókeldash alp turıp ayttı: – Bul ózbektiń qızınıń demi bálent eken, Kókaman! Túsip, súyrep shıq bul jaqqa! Kókaman alp attan túsip, attı úydiń beldewine ildirip, baǵana qımız sorap ızalı bolǵan úydiń ishine kirgen. Barshınnıń kánizeleri qorqıp, úydiń tórinde toplanıp turǵan. Barshın iybenip, teris qarap turıp edi, Kókaman alp Barshınnıń burımınan uslap, bosaǵaǵa qaray tarta basladı. Barshın ózin ońlap, qolın sozdı, bir qolı Kókamannıń jaǵasına jetti, bir qolı menen belbewinen usladı. “Ya, Shahimardan pirim”, – dep kóterip, shalqasınan jerge urdı. Shep dizesin kókiregine qoyıp turdı. Awzı-murnınan zirek-zirek qan kete berdi” [1:84].

Haqıyqatında da, Barshın xalıq awızeki dóretiwshi-ligindegi basqa da alp hayal qaharmanlar sıyaqlı fizikalıq jaqtan júdá kúshli. Ol bárqulla ádillik hám haqıyqatlıq tárepinde bolıp, fizikalıq kúshliligi hám aqıl jetikligi jaǵınan geyde erkek alplardan da joqarı turadı. Kókaldash alp penen gúres túsip atırǵan Alpamısqa qarata aytqan sózlerinde onıń alplıǵı menen birge kúshli aqıl-ziyreklik iyesi ekenligi kórinedi. Ol ózi de alp bolǵanlıqtan, Alpamıstıń ruwxıyatına tásir etiw arqalı onıń jasırın kúshlerin ashıw hám ruwxlandırıw múmkinligin jaqsı biledi hám “Erkek lipasın ózim kiyeyin, bar kúshimdi bilegime jıyayın”. "Bul qalmaqtı kókke atsań ne bolar”, “Mártler alıspaydı, siltep atadı, Maydan bolsa is kórsetip ketedi” [1:231], dep astarlı sózler menen ondaǵı jasırın kúshti ashadı hám gúrestegi qıyın jaǵdayda, ásirese, kúshler teń kelgende alısıw emes, siltep tartıw jeńiske alıp keliwi múmkinligin ańlaǵan halda, Alpamısqa gúres qaǵıydaların esletedi. Barshın kútkenindey, onıń, “Sózi Alpamısqa batıp ketedi..., Ottay tútenip, suńqar ketedi, Ǵayratı ǵayratqa bektiń jetedi. Yar sózimenen sherdil bolıp ketedi, Shırpıp Kókaldashtı kókke ılaqtıradı” [1:232].

Barshın xarakterine tán danalıq, tapqırlıq, mehir-muhabbat, mártlik, sadıqlıq hám dushpanǵa jek kóriwshilik sıyaqlı pazıyletler hám sezimler qalmaqlardı birden sındırıw, birotala joq etiw ushın oylap tapqan hám shólkem-lestirgen ilajları barısında jáne de ayqın kórinedi hám onı ápsanalıq alp-qaharman dárejesine kóteredi.

Dástannıń ekinshi bóliminde alp hayaldıń fizikalıq quwatı biraz sóngendey kórinedi. Bunı folklortanıwshı alım Sh.Turdimov bılayınsha túsindiredi: “Dástanda Barshındı eki kóriniste kóremiz. Birewi kóshiw qáwip dep eskertken, toqsan qalmaq alpına sózin ótkizgen... Dástannıń ekinshi bólimindegi Barshın aldınǵısına pútkilley uqsamaydı... dástannıń ekinshi bóliminde jaǵday pútkilley basqa dárejege kóshken. Endi gúres Baysın-Qońırat etnosı ishinde ótedi. Bul jerde sırtqı dushpan joq” [3:67].

Barshınnıń dástannıń ekinshi bólimindegi bosańlasıwı, ázzidey kórinisi, bizińshe, onıń sociallıq jaǵdayı menen de baylanıslı. Sebebi dástannıń birinshi bóliminde ol, ápsanalıq alp-hayal tımsalında bolsa, ekinshi bólimde ana. Onıń balası Yadgar ushın juwapkershilik tuyǵısı, al keskin qararlar qabıl etiwine jol bermegen shıǵar. Biraq Barshın

obrazı talqısında hár eki jaǵday da baqsılar tárepinen logikalıq tiykarlanadı.

Arpalı kólindegi Alpamıstıń on tórt batpan jayın kóterip ákelip beriw hesh kimniń qolınan kelmegende ulı Yadgardı jiberiw arqalı alplar áwladı dawam etip atırǵanın el-xalıq aldında dálilleydi. Sonday-aq, Ultantazdan kelgen jawshılarǵa keskin bas tartıwı onıń mártligi hám jawıngerliginen derek beredi.

Dástanda Barshınaydıń pikirlew tárizi, háreketleri gá prozalıq tekstte, gá poeziyalıq formada súwretlense de, sol waqıya mazmun-mánisine sáykes ritm hám ırǵaqlar, tujırımlı, mánili sózler járdeminde talqılanadı, bul kitapqumar-tıńlawshıǵa oǵada úlken estetikalıq zawıq baǵıshlaydı, shıǵarmanıń tásirsheńligin arttıradı. Sebebi xalıq bárqulla qaharmanların oyshıl, ótkir zeyinli, wáde-ıqrarların hesh qashan tárk etpeytuǵın opadar, batır, qorıqpaytuǵın obrazlar sıpatında súwretleydi.

“Alpamıs” dástanında mifologiyalıq obrazlar hám mifologiyalıq súwretlewler de ushırasadı, bunı xalıq awızeki dóretiwshiliginiń eń áyyemgi elementleri dástan tekstinde transformaciyalanǵan formada jasap kiyatırǵanlıǵı menen túsindiriw múmkin. Usınday obrazlardan biri bul – anti qaharman Surxayl obrazı. Jawızlıq hám mákkarlıq tımsalı bolǵan bul obraz jalmawız, albaslı sıyaqlı mifologiyalıq obrazlarǵa jaqın turadı. Olardı birlestiretuǵın tiykarǵı belgi, olardıń kempir kórinisinde súwretleniwi. Folklortanıwda bul tiptegi obrazlar antropomorflıq (adam kórinisindegi) mifologiyalıq obrazlar sanaladı [5:139].

Surxayl-mástan jalmawız mifologiyalıq obrazınıń transformaciyalasqan kórinisi bolıp, bul obraz da jalmawız sıyaqlı unamsız qaharman, jawızlıq, sumlıq-hiyle tımsalı. Ol antiqaharman sıpatında shıǵarmadaǵı qarama-qarsılıqlardıń kelip shıǵıwında hám waqıyalardıń jedel rawajlanıwında áhmietli rol oynaydı. “Alpamıs” dástanında anti-qaharman, qarsılas sıyaqlı qarsı turıwshı kúshler liniyası bórtip kórinip turadı. “Alpamıs” dástanında Alpamıstay alpqa teń kúshli antogonist – Surxayl kempir obrazında jámlengen” [6:7]. Surxayl haqqındaǵı dáslepki kórinislerdiń ózi-aq usı obrazdı antiqaharman sıpatında gewdelendiredi: “Tayshı wálayatında, Qalmaq muzaffatında bir Surxayl degen kempir bar edi. Júdá zor kempir edi, bul kempirdiń jeti ulı bar edi, jetewi de ataqlı alp edi... Ullarınıń keyninen Qalmaqshahqa húrmeti kóp. Qalmaqshah sózin qaytara almaydı” [1:44].

Surxayl kempir, geyde mástan hám mástan kempir epitetleri menen birge qollanıladı. Ol jeti alp ulınıń anası bolǵanlıqtan, hátteki, Qalmaqshahqa da sózi ótedi. Dástannıń birinshi bóliminde onıń Tayshıxanǵa qarata aytqan sózlerinen elde zorlıqtı ańlaw qıyın emes: “Ol baylardıń malın baj qılıp alayın”. “Hesh zulımlıq qılmayman, barıp keleyin”, “Biybastaq bolıp ketpesin baydı kóreyin”, “Kórgenimdi saǵan xabarlayın”. Surxayl tiliden aytılǵan joqarıdaǵı sózler, tap taxtta Tayshıxan bolsa da eldiń húkimdarlıǵı Surxayldın qolında ekenligine isharat etedi.

Surxayl kempirdiń Barshındı kóriwi hám onıń táriypin alplarǵa jetkergeninen keyin waqıyalar tez pát aladı. Biraq xalıq awızeki dóretiwhsiliginiń basqa janrlarıı sıyaqlı bunda da jawızlıq ústinen jaqsılıq jeńiske erisedi. Alp Alpamıs jeńipp shıǵıp, qalıńlıǵı alp-hayal Barshınaydı Baysınǵa alıp ketedi.

Dástannıń ekinshi bóliminde altı alp ulın ájel ayırǵan, sonday-aq, jetinshi ulı Qarajannan tiri ayırılǵan Surxayıl kempirdiń hiylelerin ósh jalını jáne de kúsheytedi. Ol jawız hám kek alıwshı, sonday-aq hiyle ustası sıpatında jáne de kóbirek kórinedi. Surxayl maqsetke erisiw jolında qural tańlamaydı. Dáslep bastan jamanlıq qılıwdı, ósh alıwdı oylaydı. Óz aqılınıń, sumlıǵınıń kúshine isenip, sharap hám dáriler tayarlaydı” [4:73].

**Juwmaq.** Baysarını Qalmaqlar qolınan azat etiw ushın kiyatırǵan “otta janbas, suwda shókpes” alp Alpamıstıń Surxayl kempir hiylesi menen zindanǵa taslanıwı syujet waqıyalarınıń keskinlesiwine sebep boladı. Biraq xalıq barqulla óz qaharmanlarınıń jawızlıq ústinen jeńisin qáleydi. Dástan sońında Alpamıs Surxayl tımsalındaǵı jawızlıq ústinen jeńiske erisedi. Qalmaq elinde tınıshlıq hám jańa dúzim ornatıp, óz eline qaytadı.

“Alpamıs” dástanındaǵı hár bir obraz gáhi hayal, gáhi, erkek bolsın, gáhi unamlı, gáhi unamsız qaharman bolsın hám hátteki, jániwarlar obrazı bolsın, olardıń hár biri baqsılar tárepinen júdá logikalı, millet ruwxıyatınan, xalıqtıń ishki “men”inen kelip shıǵıp jaratıladı. Dástandaǵı hár bir obraz adam ańlamas tárizde individuallastiriladı, nátiyjede olardıń hár biri kórkem simvol dárejesine kóteriledi. Barshın batırlıqtıń, sadıqlıqtıń tımsalı sıpatında alp hayaldıń baslanǵısh modeli bolsa, Surxayl jalmawız hám albaslılardıń transformaciyalasqan kórinisi bolıp sanaladı.

## Ádebiyatlar


1. «Alpomish». Aytuvchi Fozil Yo‘ldosh o‘g‘li. – Toshkent: «Yangiyul Poligraph service», 2019.
2. Musina G‘. O‘zbek xalq dostanlarida xotin-qizlar obrazi. – Toshkent: «Fan», 1983.
3. Turdimov Sh. Etnos va epos. – Toshkent: «O‘zbekiston», 2012.
4. Yo‘ldoshev Q. «Alpomish» talqinlari. – Toshkent: «Ma’naviyat», 2002.
5. O‘raeva D va b. Mif va badiiy ijod. – Buxoro: «Fan ziyosi», 2024.
6. Эшбоева Т.Н. “Гўрўғли” достонлар туркумидаги архетип образлар. // O‘zbekiston Milliy axborot agentligi, O‘zA ilm-fan bo‘limi, Elektron jurnal, 2023-yil, fevral soni 02(40), 136-141-b.